

Bon Secours Mercy Health
Siplemen nan Politik Èd Finansye pou Swen Sante
Rezime Kalkil Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed)
Anvigè 1ye Mas 2025

Dapre Règleman Trezò §1.501(r)-5(a)(1), yon lopital dwe limite montan yo chaje pou swen yo bay nenpòt moun ki kalifye pou èd dapre politik èd finansye li pou montan pa plis pase montan yo chaje an jeneral (Amount Generally Billed, AGB) nan ka dijans ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal. §1.501(r)-5(b)(1) bay de metòd pou etablisman lopital yo itilize pou detèmine AGB an: (1) metòd retwospeksyon (look-back); oswa (2) metòd Medicaid. Jan sa endike nan Politik Èd Finansye pou Swen Sante (Financial Assistance Policy, FAP) Bon Secours Mercy Health lan, Bon Secours Mercy Health kalkile yon pouvantaj AGB pou chak lopital Bon Secours Mercy Health baze sou metòd retwospeksyon an.

Lopital Bon Secours Mercy Health yo te chwazi metòd "retwospeksyon" an baze sou reklamasyon reyèl yo te peye nan chak etablisman lopital. Gade eksepsyon ki anba a pou novo enstalasyon lopital ki gen lisans nan ane aktyèl la. Konfòmeman ak §1.501(r)-5(b)(3)(i), chak etablisman lopital Bon Secours Mercy Health kalkile pouvantaj AGB li yo baze sou frè-pou-sèvis Medicare ak tout konpayi asirans sante prive ki peye etablisman lopital yo reklamasyon yo. Pou kalkile AGB pou chak lopital chak ane, yo divize sòm montan yo pou tout reklamasyon li yo pou swen ijans ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal ke Medicare ak konpayi asirans komèsyal yo te otorize pandan yon peryòd 12 mwa anvan an pa sòm montan frè brit asosye pou reklamasyon sa yo. Pou 2025, peryòd 12 mwa yo itilize pou kalkil AGB chak etablisman lopital se te 1ye Novanm 2023 – 31 Oktòb 2024.

Yo te detèmine kalkil AGB a pou chak lopital. An relasyon avèk varyasyon prensipal frè a ak pouvantaj kontra swen jere yo, kalkil AGB yo pou lopital yo te varye ant 8.9% ak 43.4%. Chak lopital aplike pwòp pouvantaj AGB pa li nan frè brit yo sou yon baz lopital pa lopital. Genyen nan attachman pouvantaj AGB yo pa lopital.

Pou nenpòt novo etablisman lopital ki gen lisans nan ane aktyèl la, lopital Bon Secours Mercy Health itilize metòd potansyèl Medicare pou detèmine AGB. Yon etablisman lopital ki sèvi ak metòd potansyèl la ka detèmine AGB pou nenpòt ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè yo bay yon moun ki elijib pou FAP lè l sèvi avèk pwosesis bòdwo ak kodaj etablisman lopital la ta itilize si moun ki elijib FAP a te yon frè Medicare. -sèvis benefisyè. Etablisman lopital la ta fikse AGB pou swen an nan kantite lajan etablisman lopital la detèmine ki ta dwe kantite total Medicare ta pèmèt pou swen an (ki gen ladan kantite lajan Medicare ta ranbouse ak kantite lajan benefisyè a ta pèsonèlman responsab pou peye. sou fòm kopeman, ko-asirans, ak franchiz). Metòd sa a pral itilize pou 2025 pou novo Sant Medikal Bon Secours Harbour View.

Bon Secours Mercy Health
Medicare ak Komèsyal
11/1/23 jiska 10/31/24 ZBA

**Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts
Generally Billed)**

11/1/23 jiska 10/31/24

	<u>Nè Otorize</u>
St. Elizabeth Boardman	21.0%
St Elizabeth Youngstown	19.9%
St. Joseph	18.9%
Allen	25.7%
Lorain	21.0%
Defiance	28.1%
Tiffin	33.5%
Willard	39.1%
St. Vincent (Gen Iadann St. Anne ak St. Charles)	15.5%
St. Rita's Medical Center	20.6%
Springfield Regional	19.5%
Urbana	23.4%
Anderson	22.6%
Clermont	21.9%
Fairfield	20.8%
Kings Mills	22.4%
Jewish	23.1%
West	21.4%
Lourdes	21.0%
Marcum Wallace	27.8%
Mary Immaculate Hospital	22.1%
Maryview Medical Center	22.5%
Memorial Regional Medical Center	21.2%
Richmond Community Hospital	20.6%
St Francis Medical Center	22.6%
St Mary's Hospital	22.8%
Rappahannock	43.4%
Southside	8.9%
Southern Virginia	10.9%
Southampton Hospital	17.8%
St Francis Hospital	18.5%